



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

PANDAN SEMÈN LATÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU SUNY ONEONTA KÒM PREMYE INIVÈSITE ETA POU ALIMANTE YON PATI NAN KANPIS LI A AK ENÈJI LOKAL ATRAVÈ PWOGRAM NYSERDA

Tranzaksyon inik ant NYSERDA ak SUNY se yon modèl ki ka repwodui pou lòt itilizatè enèji yo; sa k ap ankouraje rediksyon anprent kabòn epi sipòte pwojè enèji renouvlab lokal yo atravè eta a

Enèji pwòp lokal la pral alimante kat rezidans ki gen 200 kabann nan kanpis Oneonta

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Inivèsite Eta Nouyòk nan Oneonta (State University of New York at Oneonta, SUNY Oneonta) se premye SUNY ki te achte Sètifika Enèji Renouvlab (Renewable Energy Certificates, REC) Nivo 1 nan pwogram vant volontè Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Acha sa a se yon modèl pou itilizatè enèji yo — kliyan sèvis piblik komèsyal, endistriyèl ak enstitisyonèl yo — pou repwodui atravè Eta a epi li pral bay ase enèji lokal pwòp pou bay totalman alimante kat rezidans ki gen 200 kabann nan kanpis SUNY Oneonta.

"Eta Nouyòk kontinye demontre angajman li pou avanse solisyon enèjetik pwòp ak dirab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen bat bravo pou SUNY Oneonta paske li alimante kanpis li a ak enèji pwòp. Non sèlman pwogram sa a pote inivèsite a nan yon etap pi pre pou rive nan netralite kabòn, men tou li bay yon plan pou lòt kanpis SUNY yo swiv."

Enpleman pa NYSERDA, Pwogram Prevant REC Nivo 1 Volontè a te etabli an 2023 pou kreye yon opòtinite pou nenpòt òganizasyon — ki gen ladan kliyan sèvis piblik komèsyal, endistriyèl ak enstitisyonèl — pou pachte REC Nivo 1 Nouyòk ki gen bon jan kalite ke NYSERDA te achte atravè yon pwosesis konpetitif. REC Nivo 1 yo reprezante atribi anviwonmantal yon megawat pa èdtan (MWh) enèji ki sòti nan resous renouvlab tankou ewolyèn ak solè. Pou pwogram sa a, sous yo dwe elijib pou Estanda Enèji Renouvlab (Renewable Energy Standard, RES) epi yo dwe soti nan nouvo pwodikè enèji renouvlab ki te kòmanse fonksyone nan dat 1e janvyè 2015 oswa apre. Atravè acha REC li a, SUNY Oneonta pral reklame 1,000 MWh nouvo enèji renouvlab lokal an 2025.

Lè yo patisipe nan pwogram NYSERDA a, òganizasyon yo ka diminye anprent kabòn yo epi sipòte pwojè enèji renouvlab lokal yo atravè Eta Nouyòk.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji (Energy Research and Development) Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare, "Sekirize enèji renouvlab ki pwodui lokalman pou tout Nouyòkè yo, espesyalman pou anpil etidyan, pwofesè ak lòt moun k ap viv ak travay sou yon kanpis kolèj, se yon pati enpòtan nan lidèchip enèji Eta Nouyòk la. NYSERDA fyè de kolaborasyon li ak SUNY Oneonta epi li pa ka tann pou kontinye travay ak lòt itilizatè enèji, tankou enstitisyon edikasyon siperyè, atravè pwogram sa a alavni."

Rektè Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) la, John B. King, Jr., te deklare, "Atravè Plan Aksyon Klimatik ak Dirabilite SUNY an, kanpis tankou SUNY Oneonta ap fè chanjman jodi a ki pral gen yon enpak dirèk sou dirabilite enèji pa yo alavni ak kominote ozalantou n ap sèvi yo. Nou bat bravo pou SUNY Oneonta paske yo se premye moun ki rejwenn pwogram Gouvènè Hochul la pou achte Sètifika Enèji Renouvlab Nivo 1, epi mwen pa ka tann aprantisaj pataje nan inisyativ sa a pou plis kolèj ak inivèsite nou yo ka konprann ki jan REC yo ka pi byen enkòpore nan pwogram enèji pwòp pa yo."

Prezidan State University of New York at Oneonta, Alberto Cardelle, te deklare, "Nan wòl mwen antanke ko-prezidan Konsèy Dirabilite SUNY an, mwen gen opòtinite pou m travay ansanm ak lidè atravè sistèm SUNY pou devlope Plan Aksyon Klimatik ak Dirabilite SUNY an. Achte Sètifika Enèji Renouvlab Nivo 1 se yon aksyon pozitif n ap pran nan SUNY Oneonta pou trase chemen an nan abòde chanjman ak dirabilite klimatik. Kominote kanpis nou an, soti nan etidyan yo rive nan pwofesè yo ak vizitè yo, valorize dirabilite epi li apresye ke li se youn nan valè prensipal nou kòm yon enstitisyon."

Manm Asanble Brian Miller, te deklare, "Mwen felisite SUNY Oneonta paske li se yon lidè pami enstitisyon SUNY yo nan itilize enèji pwòp ki pwodui lokalman. Lè yo vin premye kanpis ki totalman alimante rezidans yo lè yo sèvi avèk pwogram vant volontè NYSERDA atravè achte Sètifika Enèji Renouvlab Nivo 1, yo ap trase yon egzanp pwisan sou sa ki posib lè nou priyorite dirabilite, inovasyon, ak enpak lokal", deklarasyon Manm Asanble Brian Miller. "Sa a se yon modèl ke enstitisyon ak itilizatè enèji atravè Nouyòk ka kopye sou li pandan n ap travay nan direksyon pou yon avni ki pi pwòp, ki pi fleksib."

Acha sa a fè pati Plan Direktè Enèji Pwòp SUNY Oneonta a ki trase yon plan pou netralite kabòn dis 2045. Inivèsite a ki konvèti bilding kanpis li yo an teknoloji ponp tèmik ak acha REC sa yo, ansanm ak pwodiksyon enèji solè sou plas li a, pral ede konpanse itilizasyon elektrik SUNY Oneonta.

NYSERDA se administratè santral acha ak vant REC Nivo 1 nan Nouyòk epi li sipòte yon pwovizyon enèji pwòp divèsifye atravè pwogram Nivo 1 li a. Patisipan yo nan

pwogram sa a kapab imedyatman jwenn benefis anviwònmantal nan pwojè k ap fonksyone kounye a.

Gen plis enfòmasyon sou pwogram lan ki disponib sou sit entènèt NYSERDA [isit la](#).

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)